

POU N VIN YON KOMINOTE TOUT MOUN RENMEN

ANGAJMAN ALONTÈM LEGLIZ EPISKOPAL LA POU REPARASYON RASYAL, REKONSILYASYON AK JISTIS

Kontèks la

- Rasin Kominote Tout Moun Renmen an se nan Mouvmman Jezikri a li ye. Kominote sa a ki sou pye a e ki ap kontinye viv otou detèminasyon l pou l suiv Jezikri a nan yon relasyon renmen, liberasyon, ak bay lavi w pou Bondye (sa vle di evanjelizasyon). Sa ap fèt nan yon relasyon ant nou menm ak lòt moun (kidonk rekonsilyasyon) epi nan yon relasyon ak lanati (kidonk responsablite fas ak tout sa Bondye kreye).
- Se yon apèl Konvansyon Jeneral la te lanse sètadi [Rezolisyon C019 \(pou n bay yon Repons pou Enjistis ki òganize.\)](#)
- Se yon plan Lachanm Evèk yo te prepare ansanm ak Lachanm Depite yo—Evèk Alatèt la Michael Curry, Prezidan Lachanm Depite yo Gay Clark Jennings, Vis Prezidan Lachanm Evèk yo ak (ansyen vis prezidan an) Dean Wolfe, ak Vis Prezidan Lachanm Depite yo ak Sekretè Michael Barlowe — staf la epi ak lòt patenè.
- Yo vize yon bi ki ap dire anpil tan pou yon angajman alontèm ki ap kouvri plizyè jenerasyon.
- Se pou nou rive depase fwontyè Lèzetazini epi janbe lizyè diferans ant nwa ak blan pou nou rive konsidere kesyon rasis la nan anpil peyi, nan anpil ras, nan anpil anpil gwoup etnik, epi nan anpil kilti.
- Yo dispoze 2 milyon dola selon desizyon Konvansyon Jeneral la epi yo dispoze lòt resous natirèl tou nan kad sa a.
- Se on plan yo bati pou yo sipòte, pou yo konplete, epi pou anplifye dyosèz lokal yo, pwovens yo ak efò rezo yo.

Angajman alontèm nan

Vin yon Kominote tout moun renmen pa si reprezante yon ekip pwogram kòm yon bi alontèm. Ni tou li pa reprezante yon ekip angajman ki gen relasyon antre yo kote Legliz Episkopal la kapab òganize efò li yo pou l rive adrese kesyon enjistis rasyal la, epi pou Legliz Episkopal la rive mete yon kominote moun sou pye k ap rekonsilye ak lòt moun you ekip moun tou k ap travay pou jistis epi k ap fè reparasyon pou transgresyon nou yo. Labirent anwo a kapab yon chema ki pi itil pou vizyon nou genyen pou angajman nou yo.¹ Sou chemen rekonsilyasyon an ak reparasyon, nou antre nan sèten kwen epi apre sa nou antre nan sèten kadran nou te pase ladan yo deja, chak fwa sa yo nou dekouvri lòt revelasyon ak nouvo defi.

*Di laverite
Kilès nou ye?
Ki sa nou fè oubyen ki sa nou pa fè
osijè jistis rasyal ak reparasyon?*

*Pratike renmen Jezikri a
Kouman n ap fè pou nou grandi kòm moun k ap
rekonsilye ak lòt, moun k ap repara tò yo, epi
moun k ap pratike lajistis? Kouman n ap fè pou
nou grandi seryezman nan relasyon n atravè
baryè sosyal pou nou chache prezans Kris la
nan lòt moun?*



*Ann pwoklame rèv la,
Kouman nou kapab rive admèt an piblik
sa ki te fèt ak sa k pa t fèt?
Ak ki sa Kominote tout moun renmen an sanble
nan kote nou ye a? Ki kalite konpòtman ak
angajman ki ap ankouraje rekonsilyasyon, jistis ak
reparasyon?*

*Reparasyon pou transgresyon nou yo
Ki enstitisyon epi ki sistèm ki dekonstribre?
Ki jan n ap fè pou nou patisipe nan reparasyon
nan, nan restorasyon, epi nan touche kè moun
ki blese yo, ak enstitisyon epi sistèm ki ap*

¹ Nou te pre senbòl labirent lan nan travay Achevèk Desmond Tutu ak Rev. Mpho Tutu's nan liv ki rele *The Book of Forgiving nan*, malgre nou mete angajman alontèm Legliz Episkopal yo toutotou li.

Pa gen yon sèl chemen an pou tout moun oubyen yon sèl chemen pou chak fidèl Episkopal. Moun ap jwenn resous pa yo ak esperyans pa yo pou yo rive jwenn diferan repons pou kesyon ki sanble. An menm tan tou, nou espere ou menm ou wè sa ap anime w pou w adopte pratik espirityèl nou tout genyen an pou n fè lèsanpa pandan n ap reflechi. Transfòmasyon se yon bagay ki kapab rive byen lwen lè nou mete tèt ansanm etan branch Episkopal la nan Mouvman Jezikri a.

Se pou rezon sa a nou rive idantifye detwa inisyativ ki la pou tout Legliz nou espere k ap 1) mete baz legliz nou an nan angajman Kontra Batèm nan, 2) fè pratik jeneral ak kesyon ki antoure labirent lan vin yon reyalite, epi 3) konplete travay ki avanse nan dyosèz yo, nan rezo yo, nan pwovens yo, epi nan kongregasyon yo.



Di verite sou Legliz epi sou Ras

- **Pwomès Batèm nan:** Nou pral Pèsevere nan rezistans kont lemal, ak nenpòt lè n tonbe nan peche, n ap repanti epi tounen vin jwenn Seyè a.
- **Kesyon kle yo:** Ki moun nou ye? Kisa nou fè e sa nou pa fè konsènan jistis rasyal ak gerizon?
- **Inisyativ Legliz ann antye:**
 - Resansman nan Legliz la
 - Odit Jistis Rasyal pou strikti Episcopal yo ak sistèm yo.



Pwoklame rèv kominote tout moun renmen an

- **Pwomès Batèm nan:** Nou pral pwoklame bon nouvèl Bondye nan Kris la ak pawòl epi ak egzanp.
- **Kesyon kle yo:** Ki jan nou ka rekonèt bagay ki akompli yo e sa yo ki pa akompli bon nouvèl Bondye nan Kris la an piblik? Ak ki sa yon komimote tout moun renmen sanble? Ki konpòtman ak angajman ki favorize reparasyon, rekonsilyasyon ak jistis?
- **Inisyativ Legliz la ann antye**
- Angajman, rejyonal, piblik pou seyans tandè ki sakre ak aprann.



Pratike Fason pou nou renmen

- **Pwomès Batèm nan:**
 - Nou va chèche epi nou va sèvi Kris la nan tout moun, epi renmen pwochen nou menm jan nou renmen tèt nou.
- **Kesyon kle yo**
 - Ki jan nou va grandi kòm rekonsilyatè, moun k ap repare epi moun ki ap pote jistis? Kouman nou va fè relasyon nou yo travèse tout lizyè divizyon yo epi pou youn ap chèche Jezikri nan figi lòt?
- **Inisyativ pou Legliz la ann antye:**
 - Kanpay Kominote Tout Moun Renmen pou rakonte istwa epi tandè istwa lòt moun
 - Pelerinaj Rekonsilyasyon ak jistis
 - Anseye moun epi fòme moun nan plizyè lang
 - Materyèl litijik pou reparasyon Rekonsilyasyon ak Jistis



Repare transgresyon nan sosyete a e kominote yo

- **Pwomès Batèm nan:** Nou pral fè efò pou gen jistis ak kè poze nan mitan tout pèp, epi n ap respekte diyite chak moun.
- **Kesyon Kle:** Ki Entistasyon epi ki sistèm ki kraze? Ki jan nou va patisipe nan reparasyon epi restorasyon epi nan geri moun, epi repare enstistasyon yo ak sistèm yo?
- **Inisyativ nan tout Legliz yo:**
 - Refòme Jistis kriminel
 - Kolaborasyon moun ki pase nan prizon ki ap retouonnen nan kominote yo a.
 - Patenarya ak Fakilte epi Inivèsite Episkopal ki fèt tradisyonèlman pou etidyan nwa (HBCUs).

Angajman ki detaye la a se yon angajman nou pran e nou espere n ap kab konsantre efò nou yo nan tout Legliz la, pou n sipòte efò sa yo epi pou n konplete efò lokal, efò dyosèz yo, efò pwovens yo, ak efò rezo yo. Bi angajman sa a se chache jwenn diferan kote pou nou kab ankouraje moun k ap travay pou jistis, pou reparasyon, pou rekonsilyasyon. Bi angajman an tou se pou nou rive konprann kompleksite ki genyen nan defi estriktirèl e ki yon defi espesifik e ki yon defi istorik tou, defi ki kanpe an fas yon legliz —yon legliz ki gen plizyè nasyon e ki gen anpil lang tou tankou Legliz pa nou an.

Kèk nan inisyativ konkrè sa yo deja antre nan travay Legliz la deja e se bagay ki ap kontinye grandi. Gen kèk nouvo inisyativ n ap lanse ant jodi a ak desanm 2018. Se inisyativ ki ap suiv yon posesis ki entèaktif, ki fleksib, ki adrese reyalite ki sou teren an ak bon konprann patenè nou yo ki nan travay la ak nou. Delè de tan nou genyen an, malgre lidè Legliz la rekonèt sistèm rasis ki òganize yo gen plizyè syèk depi yo la, se yon delè kote nou wè angajman nou an ap kouvri plizyè jenerasyon, se pa yon senp twazan sèlman. N ap toujou pran angajman nou pou nou di laverite, pale de rèv la, pratike renmen Jezikri a, epi repare transgresyon nou yo. Sèl kesyon ki rete se kouman n ap fè sa?

Nan prezante n ap prezante angajman alontèm sa a, nou ap dedye tèt nou pou agrandi sèk angajman, sèk patenarya ak lapriyè nan tout legliz la epi depase kat mi legliz la tou. Nou konte travay ak konpreyansyon n ap mete tèt nou sou yon trajè ki gen plizyè etap nan vize transfòmasyon, jistis, ak reparasyon. Pandan Konvansyon Jeneral la mande n pou nou bay yon vizyon etan lidè, men li pat janm di vizyon sa se a ap sèl vizyon an. Ni tou li pa di tout travay pou rekonsilyasyon rasyal, jistis, ak reparasyon se bagay tout legliz ta dwe òganize. Nou te chache ranpli devwa nou nan jwenn kout men nan men fidèl Episkopal yo ak vwazen nou yo ki nan diferan peyi, ki pale plizyè lang, ki gen diferan kilti pou pataje istwa nou yo, pratik nou yo ak aksyon ki transfòme moun nou yo. Nou tout ansanm nou kapab fè trajè sa a epi vin tounen enstriman reparasyon ak rekonsilyasyon nan renmen Jezikri a, renmen li an libere moun, kote li menm li te bay lavi li pou nou, se chemen renmen sa a nou ape suiv.